**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство просвещения и науки КБР**

**Местная администрация Урванского муниципального района КБР**

**МКОУ СОШ с.п. Нижний Черек**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
| --- | --- | --- |
| Председатель МО | Зам. директора по УВР | Директор |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| Кажокова З.Р. | Хакунова Р.Х. | Тхазеплова А.Ю. |
| «26» августа2023 г. | «28» августа2023 г. | 61 от «28» августа2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родной (кабардино-черкесский) язык»**

для обучающихся 1«Б» класса

Составитель: Шугушхова Мадина Хашировна,
учитель начальных классов

**с.п.Нижний Черек, 2023г.**

## Зыубзыху тхыгъэ

Программэр хуэгъэхьэзыращ МКОУ СОШ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм и 1 -нэ классым. Зэрылажьэ программэр гъэзэщІэн папщІэ къыдогъэсэбэп КъБР-м щІэныгъэ Іэхухэмкlэ Министерствэм къищта «ПэщІэдзэ классхэм и программэхэр». Программэр зэхэгъэуващ Уэркъуасэ И.,Къардэн М.,Гугъуэт Л., Гугъуэт Е., Зэхъуэхъу Л. я программэм ипкъ итк1э.

**Учебнэ планымк1э** «Адыгэбзэ» предметыр яджыным папщ1э е 1-нэ классым хухахащ сыхьэт бжыгъэу:

**1 классым** къеджэкІэрэ тхэкІэрэ егъэщІэным тхьэмахуэм сыхьэтищ программэм хухех. Гъэ еджэгъуэр тхьэмахуэ 33-рэ мэхъу. «Азбукэ» тхылъыр зэхэлъхьащ дерс 66 хъууэ. Егъэджэныгъэм и зэхэлъыкІэ елъытауэ программэм лъэхъэнищ къыхэгъэщхьэхукІыпхъэщ:

- хьэрфхэр джыным ипэ къихуэ хуэзыгъэхьэзыр лъэхъэнэ;
- макъхэр, хьэрфхэр щадж лъэхъэнэ
- хьэрфхэр зэрагъэцІыхуа нэужь, къеджэныгъэ лъэхъэнэ
- еджакІуэхэм я щІэныгъэмрэ я зэфІэкІымрэ зыкъыщапщытэж дерсхэм сыхьэтитІ хуэгъэпсащ;
- тхэныгъэм и ІуэхукІэ дерс къэс хэухуэнауэ дакъикъи 10–15-м нэс хухэхыпхъэщ.

**Адыгэбзэр яджкІэрэ сабийм ягъуэтын хуей зыужьыныгъэр**
адыгэбзэр адыгэ лъэпкъым и бзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыбзэу зэрыщытыр къагурыІуэн; я бзэр ящІэу, хуиту ирипсалъэфу щытын зэрыхуейр хьэкъыу япхыкІын; а бзэмкІэ псалъэкІэрэ адыгэ лъэпкъым щыщ зэрыхъур, ар фІыуэ ящІэным я лъэпкъэгъухэу зыдеджэм, зыдэлэжьэнухэм, зыхэпсэукІынухэм къыхуаІэ щытыкІэр зэрыригъэфІакІуэр, я пщІэр зэриІэтыр къагурыІуэныр;
дэтхэнэ лъэпкъми и бзэм мыхьэнэ езы лъэпкъым дежкІэ зэриІэр зыхащІыкІыныр, абы къыхэкІыу сыт хуэдэ лъэпкъыбзэми лъэпкъ культурэми пщІэ хуащІыныр;
зыщыщ лъэпкъым и щхьэхуэныгъэхэр ящІэныр, урысей лъэпкъыбэ жылагъуэм къигъэщІа лъапІэныгъэхэр къащтэныр, цІыхугъэр, хуитыныгъэр, зэхуэдэныгъэр, жыджэрагъыр гъуазэ яхуэхъуныр; псынщІэу зызыхъуэж, зызыужь дунейм хэзэгъэнымк1э гъуэгу тегъэувэныр;
щІэныгъэ игъуэтыным хуэзыгъэуш ІуэхугъуэхэМ зегъэужьыныр, еджэныгъэм цІыхум и зэфІэувэныгъэмкІэ иІэ мыхьэнэр къагурыІуэныр;
дахагъэ яфІэфІыныр, ар лъапІэныгъэу къалъытэныр, зыхащІэнырыр;
щІыкІафІагъэм, гуапагъэм, гумащІагъэм, нэгъуэщІ цІыхухэм я гурыщІэр зэхэщІыкІыным икІи ядэгулэзыным хуэгъэсэн;

**Япэ гъэ еджэгъуэм и кІэм деж еджакІуэхэр адыгэбзэмкІэ къызыхуэкІуэн хуей ехъулІэныгъэхэмрэ есэныгъэхэмрэ.**
**ЕджэкІэм хуезыгъасээ Іэмалхэр къызэгъэпэщын (УУД):**

**Личностнэ зэфIэкIхэр** псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

- еджакIуэм езым еджэныгъэм хуиIэ щытыкIэр, еджэныгъэм тэмэму хущытын, и къэухьым зегъэужьыным иужь итын, щIэуэ зыгуэр къищIэну хуеин, иIэ щIэныгъэм хигъэхъуэныр;
- зыщыщ лъэпкъым теухуауэ гурыIуэгъуэ; Хэкур фIыуэ лъагъунымрэ абы ирипэгэнымрэ;
- дуней дыкъэзыухъуреихьым теухуауэ гурыIуэгъуэ; щIыуэпсым, псэ зыIут псоми хуэсакъыныр;
- бзэ зэмыщхьхэм ирипсалъэ лъэпкъхэм пщIэ хуэщIыныр;
- и анэдэлъхубзэм ирипсэлъэным иригушхуэныр;
- зыхэт цIыхухэм ялэжь Iуэхухэм хабзэ хэлъу, щэныфIэу хущытыныр;
- щIыуэпсым и теплъэ е нэгъуэщI сурэт лIэужьыгъуэхэм тепсэлъыхьыфыныр;
- гуапагъ, пэжагъ, гууз-лыуз, пэджэж, напэ, н. гурыгъу-гурыщIэхэр зыхищIэныр;
- егъэджакIуэм, балигъым, къыдеджэхэм зэрыдэлэжьэфыным ехьэлIауэ гурыIуэгъуэ иIэхэм зегъэужьыныр.

*Метапредметнэ ехъулIэныгъэхэр зэфIэувэнымкIэ еджакIуэм хузэфIэкIынущ:*

**УнэтIыныгъэ зэфIэкIхэр** псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

- егъэджэныгъэ екIуэкIым и Iыхьэ зэрыхэлъыр, лэжьыгъэм и кIуэкIэм кIэлъыплъын зэрыхуейр къыгурыIуэныр;
- алгоритм тету, план зэхилъхьам тетуи псалъэкIэ тепсэлъыхьыжыфу егъэсэн, зэкIэлъыкIуэу лэжьэныр, илэжь Iуэхугъуэм тепсэлъыхьыфу есэныр; темэм щыгъуазэ зыщищIкIэ алгоритмым тету елэжьыным егъэсэн;
- егъэджакIуэмрэ и гъусэхэмрэ и лэжьыгъэм къррикIуам щыуагъэ хэтмэ, зэпкъриххыжыфыныр;
- и лэжьыгъэм теухуауэ егъэджакIуэм, балигъым, и классэгъухэм къажриIа псалъэхэр къыгурыIуэныр;
- лэжьыгъэр къыщехъулIа къыщемыхъулIа щхьэусыгъуэхэр зэхигъэкIыфыныр;
- жьабзэ, тхыбзэ, гурыгъуазэхэр къигъэсэбэпурэ егъэджэныгъэ лэжьыгъэхэр зэфIихыныр.
- проблемэ игъэуврэ абы и жэуапыр къилъыхъуэу, къигъуэту егъэсэн, мыхъуахэр зэригъэззэхуэжыфу, лэжьыгъэр къипщытэфу;

**Познавательнэ зэфIэкIхэр** псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:

- еджакIуэхэм я бзэм я къэухьым зегъэужьыныр,
- езыр-езыру, гуп хэту лэжьэфу есэн, темэм теухуауэ ящIэр рассказ кIэщIым къыщаIуэтэжын;
- къыжраIэр зэхихрэ псалъэкIэ зэхуэмыдэхэр къыгурыIуэу есэныр,;
- «Азбукэм» е нэгъуэщI тхылъым и напэкIуэцхэм (тхылъ, тхылътебзэ, форзац, напэкIуэцI, зэрыгъуазэ дамыгъэ, графическэ дамыгъэхэр, псалъащхьэхэр, н.) щыгъуазэу хуэIэижьу щытыныр, апхуэдэу электрон Iэмалхэми щыгъуэзэныр;
- тексту, таблицэу, схемэу илъагъухэр къыгурыIуэрэ абыхэм елэжьыфу есэныр;

- урокым и пэщIэдзэм ягъэува къалэныр егъэджакIуэр и гъусэу зэфIэгъэкIыфыныр;
- текстым зэрелэжь Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныр (мыхьэнэ нэхъыщхьэ, купщIэ, (ключевое слово) къыхэджыкIын, къыхэтхыкIын, псалъэ дэгъэхуахэр хэгъэувэжын, н.)
- щхьэхуэурэ щыт хьэрфхэр, дамыгъэхэр, сурэтхэр е псалъэхэр зы гупу зэуIу щIын, зэхэгъэувэжын (егъэджакIуэр кIэлъыплъу);
- лэжьыгъэр щигъэзащIэкIэ бгъэдыхьэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къигъэсэбэпыфу есэн;

**Коммуникативнэ зэфIэкIхэр** псыхьа хъунымкIэ еджакIуэм къехъулIэн хуейщ:
- упщIэхэр гъэувын, адрейхэм едэIуэфу, упщIэхэм жэуап иритыфу есэн;
- езым и еплъыкIэ иIэжу, я фIэщ ищIыфу, хуиту псалъэмакъым хешэф, псоми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэту йосэ;
- зэпсалъэр зэхихрэ нэгъуэщIым я псалъэр зэхихыу есэныр;
- диалогым, гуп уэршэрым хэтыфыныр, псалъэкIэ хабзэхэр имыкъутэу;
- егъэджакIуэм, и ныбжьэгъухэм щепсалъэкIэ къезэгъ псалъэкIэ иухуэныр:
- IуэхуеплъыкIэ зэмылIэужыгъуэ щыIэхэр къилъытэныр, езым и IуэхуеплъыкIэр къигъэлъэгъуэфрэ щапхъэкIэ игъэбыдэфыныр;
- гъусэ иIэу лэжьэфрэ адрейм гурыIуэфыныр, и гъусэм гуапэу, пщIэ хуищIу бгъэдэтыныр;

**Предметыр зэраджам кърикIуэну есэныгъэр (метапредметнэхэр):**

- еджэныгъэ лэжьыгъэм ехьэлIа мурадхэр ящIыфыныр, къалэнхэр къащтэфыныр икIи абы тетыжыныр, ахэр гъэзэщIа хъуным Iэмал халъхьэфыныр;

- еджэныгъэм пыщIауэ зыхуагъэувыжа къалэнхэр къазэрехъулIэну гъуэгур яубзыхуфу, кIэлъыплъыжыфу, нэхъыщхьэмрэ етIуанэмрэ зэхагъэкIыфу есэныгъэ етыныр; ехъулIэныгъэм хуэзышэну Iэмалхэр къахутэфыныр; - еджэныгъэм ехьэлIауэ къехъулIамрэ иджыри зэлэжьыпхъэмрэ зэхагъэкIыфыныр;

-стилкIэ, къаIуатэ мыхьэнэкIэ зэмыщхь тхыгъэхэр къапэщыт мурадхэмрэ къалэнхэмрэ елъытауэ зэпкърахыфыныр; бзэр гъэлэжьэным хуэув къалэнхэр къэлъытауэ къэпсэлъэныгъэр къагурыIуэу яухуэныр икIи жьабзэуи тхыбзэуи тхыгъэ зэхагъэувэныр;
-псалъэгъум едэIуэну, псалъэмакъ драгъэкIуэкIыну хуэхьэзырыныр; Iуэху еплъыкIэ зэщымыщхэр зэрыщыIэр икIи цIыху къэс езым ей иIэжыну зэрыхуитыр къалъытэным хуэхьэзырыныр; езыхэм я Iуэху еплъыкIэр къаIуатэрэ ар уи фIэщ зыщI щапхъэ къыхуахьыжыныр;
-псоми зэдай мурадымрэ абы хуэзышэну гъуэгумрэ гъэбелджылыныр; зэдалэжь Iуэхум ехьэлIа къалэнхэмрэ пщэрылъхэмрэ зэтегуэшэнымкIэ зэгурыIуэфыныр; зэдалэжь Iуэхур лъэныкъуитIми зэакъылэгъуу зым адрейр къыипцытэныр;
-ядж предметым ипкъ иткIэ еджэныгъэр зыхуэгъэза Iуэхум, къэхъукъащIэм (щIыуэпсым, жылагъуэ псэукIэм, щIэнгъасэм, техникэм, нэгъуэщIхэми) я мыхьэнэм, къазэрыгуэкI щIыкIэм теухуауэ гурыIуэныгъэ ягъуэтыныр;

-предмет зэщымыщхэм яку къихъуэ зэпыщIэныгъэхэр къагурыIуэныр;
-адыгэбзэм и джыныр нэхъ куу ищIу щыIэ Iэмэпсымэхэр икIи щIэныгъэм хэзыгъахъуэ хъыбархэр (еджэныгъэ щапхъэхэри абы хэту) къагъэсэбэпу лэжьэфыныр.

**Адыгэбзэр ядж предмету зэрыщытым ехьэлIауэ (предметнэхэр):**

- еджак1уэхэм я бзэм, я гупсысэк1эм зегъэужьын;
- еджак1уэхэм къагурыгъэ1уэн адыгэбзэмрэ адыгэ лъэпкъымрэ гуэхып1э имы1эу зэрызэпхар ик1и ар ф1ыуэ лъагъун зэрыхуейр;
- бзэм къабзэу, шэрыуэу ирипсэлъэныр 1эмал имы1эу пщ1эн хуейуэ зэрыщытыр къагурыгъэ1уэн;
- тхыгъэм гъэсэныгъэ и лъэныкъуэк1э хэлъ гупсысэр къыхагъуэтэфу егъэсэн;
- хьэрфхэр тэмэму, хъэт1 дахэк1э. къабзэу ятхыфу егъэсэн;
- 1эрытх лэжьыгъэхэр, диктантхэр тэмэму ятхыфу егъэсэн;
- пычыгъуэ, псалъэ, псалъэухахэр зэхагъэк1ыфын;
- псалъэ щхьэхуэхэр къагъэсэбэпурэ псалъэуха зэхалъхьэфу егъэсэн.

**Зэрегъэджэн хуей щ1ык1эхэр:**

- темэщ1эм хухэха урок
- комбинированнэ урок
- егъэбыдыл1эным хухэха урок
- къызэрапщытэ урок
- тест щрагъэк1уэк1 урок

**Къызэрапщытэ щ1ык1эхэр:**

- словарнэ диктант
- тетхык1ын-къитхык1ын
- диктант
- тестхэр

**Яджынухэр.**
**1 класс (сыхь.66)**
**Раздел 1:КъеджэкIэмрэ тхэкIэмрэ щыхуагъэхьэзыр лъэхъэнэ:**

**Псалъэмрэ псалъэухамрэ.** Дамыгъэ итхъахэр къагъэсэбэпаурэ бзэр псалъэухахэу, псалъэухахэр псалъэу, псалъэхэр пычыгъуэ-пычыгъуэу зэпаудыфу хуэм-хуэмурэ еджакIуэхэр егъэсэн.

**Пычыгъуэр, ударенэр.** Псалъэр пычыгъуэкIэрэ зэпыгъэщхьэхукIын (зэпыудын), псалъэм ударенэр тегъэувэн (ударенэр макъкIэ къыхэгъэщхьэхукIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр нэхъ хэкъузауэ къэпсэлъаурэ), псалъэухам иIэ щытыкIэр, псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэ бжыгъэр еджакIуэхэм къахутэфу егъэсэн хуейщ.

**Макъхэмрэ хьэрфхэмрэ.** Адыгэбзэм и макъхэм щыгъэгъуэзэн, щызэхэпхкIи къыщупсэлъкIи макъзешэхэмрэ макъ дэкIуашэхэмрэ (дэгухэмрэ жьгъыжьгъхэмрэ) зэхагъэкIыфу егъэсэн: макъыр къыщапсэлъкIэ жьэ кIуэцIым хьэуар хуиту къыжьэдэкIрэ абы зыгуэр пэщIэуэрэ, макъзешэхэм пычыгъуэ къагъэхъуу зэрыщытыр егъэщIэн.

Псалъэм макъ щхьэхуэхэр къыхэгъэщхьэхукIын **(макъзешэ, макъ дэкIуашэ)**, псалъэр зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ яхузэпкърыхын (псалъэм хэт макъхэм я бжыгъэр, ахэр зэрызэкIэлъыхьар, яIэ щытыкIэхэр IупщI щIын, ударенэр зытелъ пычыгъуэр къыхэгъэщхьэхукIын, псалъэм и къэпсэлъыкIэмрэ и тхыкIэмрэ зэхуэхьын, ар зэрызэхэт пычыгъуэхэмрэ макъхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа схемэм иригъуазэурэ).

**Раздел 2:Азбукэр щрагъэдж лъэхъэнэ**

**КъеджэкIэ егъэщIэныр**

Макъзешэхэмрэ дэкIуашэхэмрэ, хьэрфзешэхэмрэ дэкIуашэхэмрэ.

Адыгэбзэм макъыу хэт псори егъэщIэн, нэгъуэщIым къипсэлъа макъыр и IукIэкIэ еджакIуэхэм къацIыхуфу, езыхэми а макъыр къапсэлъыфу егъэсэн.

Сыт хуэдэ зы макъми и зэрыб хьэрфри и Iэрытх хьэрфри егъэщIэн, макъыр зэхебгъэхмэ, абы и хьэрфыр къагъэлъэгъуэфын, хьэрфыр ебгъэлъагъумэ, абы хуэкIуэ (къикI) макъыр ягъэIуфу щытын хуейщ.

Хьэрфзешэхэм тещIыхьауэ пычыгъуэхэр зэпащIэу (зэпагъэувэу) къеджэн, хьэрф яджахэр зыхэт пычыгъуэхэм къеджэфу егъэсэн.

Макъхэр къызэрагъэлъагъуэ дамыгъэхэр къагъэсэбэпкIэрэ япэ щIыкIэ пычыгъуэхэр, итIанэ псалъэм и моделхэр ящIыфу есэныр, абы къыдэкIуэу а макъхэр къызэрагъэлъагъуэ хьэрф къыхэбзыкIахэр къагъэсэбэпурэ, пычыгъуэхэр, псалъэхэр зэхалъхьэн (япэ щIыкIэ ахэр зэрызэхэт макъхэмрэ хьэрфхэмрэ зэпкърыхауэ, псалъэм и тхыкIэмрэ макъхэм я моделымрэ зэрагъапщэурэ псалъэхэм къеджэн, макъхэмрэ хьэрфхэмрэ я бжыгъэмрэ я тхыкIэмрэ щызэтехуэ щызэтемыхуэхэр къахутэфу егъэсэн).

Къызэджэр къагурыIуэу, къеджэкIэ тэмэм яIэу, укъуэдияуэ пычыгъуэ-пычыгъуэкIэрэ макъ ягъэIуу псалъэ щхьэхуэхэм, псалъэуха мыинхэм, зытепсэлъыхьыр еджакIуэхэм къемыгугъуэкI тхыгъэ кIэщIхэм къеджэн, хьэрфхэр тэмэму икIи зэрыхуэфэщэнкIэ псынщIэу къацIыхуным тещIыхьауэ, псалъэм къызэреджэнум хуэзунэтI Iэмалхэр (япэ щIыкIэ пычыгъуэкIэрэ зэпыуда, абы и ужькIэ пычыгъуэхэр къызыхэмыгъэщахэри хыхьэу), ударенэр зытелъ пычыгъуэр (ар и дамыгъэмкIэ къыщыгъэлъэгъуар) къыхагъэщу.

Псысэхэм ящыщ Iыхьэ щхьэхуэхэм, абыхэр щекIуэкI Iуэхугъуэ щхьэхуэхэм я зэкIэлъыкIуэкIэр (алгоритм действий) къаIуэтэжыфу, усэ тынш дыдэхэм, псынщIэрыпсалъэхэм, псалъэрыджэгухэм, къебжэкI цIыкIухэм, сабий уэрэдхэм хэт псалъэхэм хуэдэхэр гукIэ зрагъэщIэн, ахэр япэ щIыкIэ егъэджакIуэм кIэлъыжаIэурэ тэмэму къапсэлъу зрагъасэу. Мы лэжьыгъэр тэмэму къызэгъэпэщыным мыхьэнэ иIэщ.

А щIыкIэм тету зрагъэщIапхъэхэм ящыщщ «Адыгэ алфавит» жиIэу Багъ Н.А., Щоджэн Леонид и «ЩIыкIураш и хьэрфхэр»-м хыхьэ усэ цIыкIухэр, Ацкъан Ритэ и «Анэбзэ» (зи еджапIэ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм папщIэ). Япэ гъэ еджэгъуэм и кIэм псалъэ I5-20 хуэдиз зы дакъикъэм еджакIуэр пычыгъуэкIэ зэпыудауэ къеджэфмэ, тэмэмщ.

**Раздел 3:Азбукэ нэужь лъэхъэнэ**

Мы лъэхъэнэм макъхэмрэ хьэрфхэмрэ яухауэ азбукэм ит тхыгъэхэм еджэн щIадзэ. ЕджапIэм къыщIэмытIысхьэ щIыкIэ еджакIуэхэм бзэмкIэ (псэлъэкIэмкIэ) ягъуэта есэныгъэхэр егъэфIэкIуэн, абыхэм зегъэужьын хуейщ. ЕджакIуэм игъэува упщIэм егупсысауэ абы и жэуапыр гупсэхуу ириту, жэуап щаткIэ псалъэуха лIэужьыгъуэ зэхуэмыдэхэр къигъэсэбэпыфу егъэсэн хуейщ.

**Адыгэбзэм и календарнэ тематическэ планыр**

| № | Темы уроков | Кол-во часов | Дата проведения | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1. | Хьэрфхэм я пкъыгъуэхэр. | 1 | 08.09 | |
| 2. | Хьэрфхэм я пкъыгъуэхэр. | 1 | 15.09 | |
| 3. | Хьэрф А, а, У, у-хэр тхын. | 1 | 22.09 | |
| 4. | Хьэрфхэу М,м, э-хэр тхын. | 1 | 29.09 | |
| 5. | Хьэрф Н, н, Р, р-хэр тхын. | 1 | 06.10 | |
| 6. | Хьэрф Ж, ж, Ш, ш-хэр тхын. | 1 | 13.10 | |
| 7. | Хьэрф ы-р тхын. | 1 | 20.10 | |
| 8. | Хьэрф И, и, Й, й-хэр тхын. | 1 | 27.10 | |
| 9. | Хьэрф Щ, щ, З,з-хэр тхын. | 1 | 10.11 | |
| 10. | Хьэрф С, с, Л, л-хэр тхын. | 1 | 17.11 | |
| 11. | Хьэрф Д, д, Т, т-хэр тхын. | 1 | 24.11 | |
| 12. | Хьэрф Г, г, Х, х-хэр тхын. | 1 | 01.12 | |
| 13. | Хьэрф К, к, Гу, гу-хэр тхын. | 1 | 08.12 | |
| 14. | Хьэрф Ку, ку, Ху, ху-хэр тхын. | 1 | 15.12 | |
| 15. | Хьэрф Б, б, П,п-хэр тхын. | 1 | 22.12 | |
| 16. | Хьэрф О,о, Е, е-хэр тхын. | 1 | 29.12 | |
| 17. | Хьэрф Хь,хь, 1-хэр тхын. | 1 | 12.01 | |
| 18. | Хьэрф 1у, Жь, жь-хэр тхын. | 1 | 19.01 | |
| 19. | Хьэрф В,в, Ф,ф-хэр тхын. | 1 | 26.01 | |
| 20. | Хьэрф Дж, дж, Дз, дз-хэр тхын. | 1 | 02.02 | |
| 21. | Хьэрф Я, я-хэр тхын. | 1 | 09.02 | |
| 22. | Хьэрф Лъ,лъ, Къ,къ-хэр тхын. | 1 | 01.03 | |
| 23. | Хьэрф Къу, къу, Гъ,гъ-хэр тхын. | 1 | 15.03 | |
| 24. | Хьэрф Гъу, гъу, Хъ, хъ-хэр тхын. | 1 | 22.03 | |
| 25. | Хьэрф Хъу, хъу, К1.к1-хэр тхын. | 1 | 05.04 | |
| 26. | Хьэрф К1у, Щ1, щ1-хэр тхын. | 1 | 12.04 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 27. | Хьэрф Ф1, ф1, П1, п1-хэр тхын. | 1 | 19.04 | |
| 28. | Хьэрф Ц, ц, Ц1, ц1-хэр тхын. | 1 | 26.04 | |
| 29. | Хьэрф Т1, т1, Л1, л1-хэр тхын. | 1 | 03.05 | |
| 30. | Хьэрф Ч, ч-хэр тхын. | 1 | 10.05 | |
| 31. | Хьэрф Кхъ, кхъ, Кхъу, кхъу-хэр тхын. | 1 | 17.05 | |
| 32. | Хьэрф Ю, ю, Ё. ё-хэр тхын. | 1 | 24.05 | |
| 33. | Хьэрф ь. ъ-хэр тхын. | 1 | | |

**Анэдэлъхубзэм и календарнэ тематическэ планыр**

| № | Темы уроков | Кол-во часов | Дата проведения | |
|---|---|---|---|---|
| | | | План | Факт |
| 1. | **Бзэм зегъэужьын(2ч.)** Псалъэуха. Псалъэ. | 1 | 06.09 | |
| 2. | Пычыгъуэ, ударенэ. | 1 | 13.09 | |
| 3. | **Хьэрфхэр джын (31ч.)** Макъ а, хьэрф А, а-хэр. Макъ У, хьэрф У, у-хэр. | 1 | 20.09 | |
| 4. | Макъ м, хьэрфхэу М,м-хэр. Макъ э, хьэрф э. | 1 | 27.09 | |
| 5. | Макъ н, хьэрф Н, н-хэр. Макъ р, хьэрф Р, р-хэр. | 1 | 04.10 | |
| 6. | Макъ ж, хьэрф Ж, ж-хэр. Макъ ш, хьэрф Ш, ш-хэр | 1 | 11.10 | |
| 7. | Макъ ы, хьэрф ы. | 1 | 18.10 | |
| 8. | Макъ и, хьэрф И, и-хэр. Макъ й, хьэрф Й, й-хэр. | 1 | 25.10 | |
| 9. | Макъ щ, хьэрфЩ, щ-хэр. Макъ з, хьэрфЗ,з-хэр. | 1 | 08.11 | |
| 10. | Макъ с. Хьэрф С, с-хэр. Макъ л, хьэрф Л, л-хэр. | 1 | 15.1 | |
| 11. | Макъ д, хьэрф Д, д-хэр. Макъ т, хьэрф Т, т-хэр. | 1 | 22.11 | |
| 12. | Макъ г, хьэрф Г, г-хэр. Макъ х, хьэрф Х, х-хэр. | 1 | 29.11 | |
| 13. | Макъ к, хьэрф К, к-хэр. Макъ гу, хьэрф Гу, гу-хэр. | 1 | 06.12 | |
| 14. | Макъ ку, хьэрф Ку, ку-хэр. Макъ ху, хьэрф Ху, ху-хэр | 1 | 13.12 | |
| 15. | Макъ б, хьэрф Б, б-хэр. Макъ п, хьэрф П,п-хэр. | 1 | 20.12 | |
| 16. | Макъ о, хьэрф О,о-хэр. Макъ е, хьэрф Е, е-хэр. | 1 | 27.12 | |
| 17. | Макъ Хь,хьэрф Хь,хь-хэр. Макъ 1, хьэрф 1. | 1 | 10.01 | |
| 18. | Макъ 1у, хьэрф 1у. Макъ жь, хьэрфЖь, жь-хэр. | 1 | 17.01 | |
| 19. | Макъ в. Хьэрф В,в-хэр. Макъ ф, хьэрф Ф,ф-хэр. | 1 | 24.01 | |
| 20. | Макъ дж, хьэрф Дж, дж-хэр. Макъ дз, хьэрф Дз, дз-хэр. | 1 | 31.01 | |
| 21. | Макъ я, Хьэрф Я, я-хэр. | 1 | 07.02 | |
| 22. | Макъ лъ. Хьэрф Лъ,лъ-хэр. Макъ къ, хьэрф Къ,къ-хэр. | 1 | 21.02 | |
| 23. | Макъ къу, хьэрф Къу. Къу-хэр. Макъ гъ. Хьэрф Гъ,гъ-хэр. | 1 | 28.02 | |
| 24. | Макъ гъу хьэрф Гъу, гъу-хэр. Макъ хъ. Хьэрф Хъ, хъ-хэр. | 1 | 06.03 | |
| 25. | Макъ хъу, хьэрф Хъу, хъу-хэр. Макъ к1, хьэрф К1.к1-хэр. | 1 | 13.03 | |
| 26. | Макъ к1у, хьэрф К1у,к1у-хэр. Макъ ш1, хьэрф Щ1, щ1-хэр. | 1 | 20.03 | |
| 27. | Макъ ф1, хьэрф Ф1, ф1-хэр. Макъ п1, хьэрф П1, п1-хэр. | 1 | 03.04 | |
| 28. | Макъ ц, хьэрфЦ, ц-хэр. Макъ ц1. Хьэрф Ц1, ц1-хэр. | 1 | 10.04 | |
| 29. | Макъ т1, хьэр Т1, т1-хэр. Макъ л1. Хьэрф Л1, л1-хэр. | 1 | 17.04 | |
| 30. | Макъ ч, хьэрф Ч, ч-хэр. | 1 | 24.04 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 31. | Макъ кхъ, хьэрф Кхъ, кхъ-хэр. Макъ кхъу. Хьэрф Кхъу, кхъу-хэр. | 1 | 08.05 | |
| 32. | Макъ ю, хьэрф Ю, ю-хэр. Макъ ё, хьэрф Ё. ё-хэр. | 1 | 15.05 | |
| 33. | Хьэрф ь. ъ-хэр. | 1 | 22.05 | |

ДОКУМЕНТ ПОДПИСАН
ЭЛЕКТРОННОЙ ПОДПИСЬЮ

СВЕДЕНИЯ О СЕРТИФИКАТЕ ЭП

Сертификат 176382614773150070335747769939328150673109022218

Владелец Тхазеплова Асият Юрьевна

Действителен С 18.04.2023 по 17.04.2024